



## Nouvo Règ sou Avètisman pou Sik Ajoute: Kisa Chenn Restoran yo Dwe Konnen

Konsèy Vil New York la (NYC Council) egzije kounye a pou chenn restoran yo mete yon senbòl avètisman akote sèten pwodui nan meni yo ki gen anpil sik ajoute ak yon avètisman ki eksplike danje pou lasante ki genyen lè ou konsome anpil sik ajoute. Depatman Sante NYC a ap edike chenn restoran yo sou kijan pou yo konfòme yo epi li gen dwa voye manda pou vyolasyon, ki gen yon amann \$200, kòmanse nan dat 4 oktòb 2025.

### Kisa nouvo egzijans yo ye?

Nouvo règ sa a egzije pou chenn restoran yo:

- Mete yon **senbòl avètisman** akote pwodui alimantè ki vini nan anbalaj yo — sa ki gen etikèt Enfòmasyon sou Nitrisyon yo — ki gen 50 gram (g) sik ajoute pou pi piti ak akote pwodui alimantè ki parèy ak sa ki tou nan anbalaj yo ki gen 50 g pou sik ajoute pou pi piti ki sou meni (sa gen ladan l meni enprime, elektwonik ak sou entènèt), tablo meni ak etikèt pwodui yo. Repa konbine yo fè pati pwodui ki nan meni an tou.
- Mete yon **avètisman** sou sik ajoute nan pwen acha a ak sou meni yo, sou tablo meni yo ak nan kote moun sèvi tèt yo. Avètisman an ap eksplike ke pwodui ki gen senbòl la genyen otan oswa plis ke limit yo rekòmande pa jou a pou sik ajoute epi ke konsomasyon twòp sik ajoute se yon danje pou lasante.

### Poukisa moun New York yo dwe resevwa avètisman sou pwodui ki gen anpil sik ajoute?

Granmoun mwayen an nan Etazini konsome plis pase 13% kalori kotidyen total li nan sik ajoute (apeprè 68 g oswa 270 kalori). [Direktiv Alimantè 2020-2025 yo pou Ameriken](#)<sup>1</sup> ("2020-2025 Dietary Guidelines for Americans") rekòmande pou konsome mwens pase 50 g sik ajoute pa jou (oswa 10 pousan kalori kotidyen total yo, baze sou yon alimantasyon 2,000 kalori). Lè ou konsome twòp sik ajoute sa lakòz pi gwo risk fè dyabèt tip 2, pran pwa ak gen dan pouri.

### Èske règ sa a valab pou biznis mwen an?

Règ sa a valab pou etablisman sèvis manje ki fè pati pwogram nòt pou restoran an, ki bezwen pèmi nan men Depatman Sante NYC a epi ki fè pati yon chenn. "Chenn" vle di tout etablisman ki gen 15 lokal pou pi piti k ap fè biznis nan Etazini sou menm non an epi ki ofri menm, oswa prèske menm, pwodui yo nan meni yo. Li pa valab pou inite vant manje mobil yo.

---

<sup>1</sup> [https://www.dietaryguidelines.gov/sites/default/files/2020-12/Dietary\\_Guidelines\\_for\\_Americans\\_2020-2025.pdf](https://www.dietaryguidelines.gov/sites/default/files/2020-12/Dietary_Guidelines_for_Americans_2020-2025.pdf)

## Kisa yo rele pwodui alimantè ki parèy ak yon pwodui alimantè ki nan anbalaj?

Gen pwodui alimantè yo ofri nan chenn restoran ki disponib ni nan anbalaj avèk yon etikèt Enfòmasyon sou Nitrisyon, tankou soda nan konsè, ak sou fòm ki pa nan anbalaj, tankou soda nan fontèn kote ou ka sèvi tèt ou. Vèsyon nan anbalaj la gen dwa disponib nan magazen sèlman oswa ni nan magazen ni nan etablisman sèvis manje.

Si yo ofri yon pwodui alimantè nan anbalaj ak san anbalaj sou menm non mak la epi yo fè reklam pou li epi prezante li kòm parèy sou kèlkeswa fòm nan, nou jije toude fòm yo parèy.

## E si yon chenn restoran ofri pwodui alimantè parèy san anbalaj la nan yon gwosè ki diferan de vèsyon ki nan anbalaj li ofri lòt kote yo? Kijan m ap fè konnen si pwodui yo ofri nan restoran an gen 50 g sik ajoute pou pi piti?

Sèvi avèk etikèt Enfòmasyon sou Nitrisyon an pou detèmine kantite sik ajoute ki nan pwodui alimantè ki pa nan anbalaj y ap vann nan chenn restoran an.

**Egzanp:** Yon boutèy 20 ons soda gen 65 g sik ajoute, epi w ap sèvi yon vè 16 ons soda sa a.

### **Etap yo:**

1. Pou kalkile sik ajoute pa ons nan pwodui alimantè ki nan anbalaj la, divize kantite gram sik ajoute a pa kantite ons ki nan pwodui a pou jwenn kantite gram sik ajoute ki genyen nan yon sèl ons.

**Egzanp:** 65 g sik ajoute divize pa 20 ons egal 3.25 g sik ajoute pa ons.

2. Miltipliye kantite gram sik ajoute pa ons la pa kantite ons ki nan pwodui parèy ki pa nan anbalaj la.

**Egzanp:** 3.25 g sik ajoute pa ons miltipliye pa 16 ons egal 52 g sik ajoute.

**Konklizyon:** Pwodui sa a egziye yon senbòl avètisman.

Si ou pa kapab kalkile kantite sik ajoute ki nan yon pwodui alimantè ki petèt parèy ak yon pwodui alimantè ki nan anbalaj, voye yon imèl pou [sugar@health.nyc.gov](mailto:sugar@health.nyc.gov) pou yo ede ou.

## Ki kote mwen ka jwenn senbòl avètisman sou sik ajoute a?



Senbòl ki adwat la se sa ki dwe afiche sou meni yo, tablo meni yo ak etikèt pwodui yo. Pou telechaje senbòl la, ale sou [nyc.gov/health/added-sugar](http://nyc.gov/health/added-sugar).



### **Èske mwen te mèt fè pwòp senbòl avètisman sou sik ajoute pa mwen?**

Non, ou pa ka fè pwòp senbòl pa ou. Ou dwe sèvi ak sa Depatman Sante NYC a bay la.

### **Ki gwosè pou senbòl avètisman an ye?**

Senbòl avètisman an dwe toujou egal nan wotè ak lajè. **Pa ni rale ni ratresi fòm senbòl la.** Senbòl la dwe gen menm wotè ak pi gwo lèt la nan non pwodui alimantè a jan li parèt sou meni an, tablo meni an oswa etikèt pwodui a.

### **Ki kote pou senbòl avètisman an afiche?**

Senbòl avètisman an dwe afiche **dirèkteman akote** tout pwodui alimantè ki nan anbalaj oswa ki parèy ak yon pwodui alimantè ki nan anabalaj epi ki gen 50 g sik ajoute pou pi piti sou yon meni, tablo meni oswa etikèt pwodui, sa gen ladan l nan repa konbine, pwodui pwovizwa nan meni an ak pwodui varyab nan meni an.


“Meni” ak “tablo meni”:

- Gen ladan yo meni sou entènèt ki sèvi pou yon moun pase kòmman poukont li oswa pou plase kòmman apati de meni sou entènèt etablisman an
- Defini menm jan ak nan règ sou avètisman sou sodyòm nan — gade Seksyon 81.49 nan Kòd Sanitè NYC a nan [on.nyc.gov/article-81-health-code](http://on.nyc.gov/article-81-health-code)

Si ou gen pwoblèm respektè egzijans sa a, Depatman Sante NYC a gen dwa konsidere demann endividyèl pou modifikasyon. Pou mande yon modifikasyon, voye yon imèl pou [sugar@health.nyc.gov](mailto:sugar@health.nyc.gov).

### **Kisa avètisman an di?**

Men sa avètisman an di:

Atansyon:  vle di kantite sik ajoute ki nan pwodui sa a egal oswa pi wo pase limit total yo rekòmande pa jou a pou sik ajoute pou yon alimantasyon 2,000 kalori (50 g). Lè ou manje oswa bwè gwo kantite sik ajoute, avèk letan sa ka ogmante risk ou pou fè dyabèt tip 2, pran pwa oswa gen dan pouri.

### **Ki kote pou avètisman an afiche?**

Avètisman an dwe afiche yon kote ki fasil pou wè nan pwèn vant la ak sou meni yo, tablo meni yo ak lokal kote ou sèvi tèt ou manje yo.

### **Èske avètisman an dwe sou chak paj yon meni?**

Non, men avètisman an dwe afiche nan yon pati ki fasil pou wè sou meni an. Lè ou afiche avètisman an sou menm paj meni kote senbòl sik ajoute a parèt la se yon fason pou respekte egzijans sa a.

### **Èske fò mwen afiche senbòl avètisman an akote repa ki gen plizyè pwodui alimantè (tankou repa konbine yo)?**

Si yon repa konbine gen ladan l pwodui alimantè ki nan anbalaj oswa ki parèy, ki ansanm bay yon total 50 g sik ajoute pou pi piti, ou dwe afiche senbòl avètisman an akote repa konbine a sou meni an, tablo meni an oswa kote pou sèvi tèt ou a. Paregzanp, si yon repa konbine gen ladan l yon soda nan fontèn ki gen 20 g sik ajoute ak yon desè nan anbalaj ki gen 35 g sik ajoute, alòs repa a gen yon total 55 g sik ajoute donk li dwe gen yon senbòl avètisman akote li.

### **Èske m oblije afiche senbòl avètisman an akote pwodui alimantè ki ka pèsonalize oswa ki gen diferan ganiti?**

Si gen yon vèsyon posib pwodui alimantè a ki gen 50 g sik ajoute pou pi piti, ou dwe afiche senbòl avètisman akote li sou meni an oswa tablo meni an.

### **Chenn restoran mwen an pa ofri okenn pwodui alimantè nan anbalaj ni pwodui alimantè ki parèy ak pwodui alimantè ki nan anbalaj ki gen 50 g sik ajoute pou pi piti. Èske fò mwen afiche avètisman an kanmenm?**

Non, ou pa bezwen afiche avètisman an nan ka sa a.

### **Èske fò mwen afiche senbòl avètisman an akote pwodui alimantè ki nan anbalaj oswa ki parèy ak sa ki nan anbalaj ki gen plizyè pòsyon?**

Gen sèten pwodui alimantè nan anbalaj oswa ki parèy ak sa ki nan anbalaj ki gen plizyè pòsyon epi ki fèt pou plis pase yon sèl moun konsome. Paregzanp, yon bwat krèm alaglas, oswa yon gato oswa tat yo ka separe an tranch. Pou bagay sa yo:

- Si pòsyon an gen **mwens pase 50 g sik ajoute**, ou **pa** bezwen afiche senbòl avètisman an akote pwodui alimantè a sou meni an oswa sou tablo meni an, menm si tout pòsyon yo konbine bay yon total 50 g sik ajoute pou pi piti.
- Si chak pòsyon gen **50 g sik ajoute pou pi piti**, ou **dwe** afiche senbòl avètisman an akote pwodui alimantè a sou meni an oswa tablo meni an.

Ou te mèt afiche senbòl la akote non tout pwodui alimantè a oswa akote pòsyon endividye la (paregzanp, yon franch), sa depann de kijan pwodui a make sou meni an oswa sou tablo meni an. Pwodui alimantè yo sèvi sou asyèt yon moun se pa plizyè pòsyon.

### **Èske règ sa a valab pou pwodui alimantè piblisite oswa ki disponib pwovizwaman sèlman?**

Wi, règ sa a valab pou tout pwodui alimantè ki nan anbalaj ak pwodui alimantè ki parèy ak pwodui alimantè ki nan anbalaj yo ki gen 50 g sik ajoute pou pi piti, menm si yo ofri yo pandan yon peryòd kout.

### **Si mwen ajoute oswa chanje yon pwodui alimantè epi li respekte kondisyon pou avètisman sou sik ajoute a, anvan konbyen tan mwen dwe afiche senbòl avètisman an ak avètisman an?**

Ou dwe afiche senbòl avètisman an ak avètisman an kou w kòmanse ofri kèlkeswa pwodui alimantè nan anbalaj la oswa yon pwodui alimantè ki parèy ak yon pwodui alimantè nan anbalaj ki gen 50 g sik ajoute pou pi piti.

### **Èske Depatman Sante NYC a ka gade modèl meni oswa tablo meni mwen an?**

Wi, Depatman Sante NYC a envite ou voye pa imèl demann pou gade modèl meni oswa tablo meni ou yo oswa lòt imaj nan [sugar@health.nyc.gov](mailto:sugar@health.nyc.gov). Depatman Sante NYC a pral bay opinyon li sou meni oswa tablo meni ou pwopoze a lepli vit posib.

### **Ki lòt resous mwen ka li?**

Lwa Lokal 33 2022 a (disponib nan [bit.ly/nyc-ll33-2022](https://bit.ly/nyc-ll33-2022)) egzije pou senbòl avètisman ak avètisman sou sik ajoute a afiche pou pwodui alimantè ki nan anbalaj yo nan chenn restoran yo nan NYC.

Lwa Lokal 150 2023 a (disponib nan [bit.ly/nyc-ll150-2023](https://bit.ly/nyc-ll150-2023)) egzije pou senbòl avètisman ak avètisman sou sik ajoute a afiche pou pwodui alimantè ki pa nan anbalaj ki parèy ak pwodui alimantè ki nan anbalaj nan chenn restoran yo nan NYC.

Chapit 39 (disponib nan [nyc.gov/health/healthcode](https://nyc.gov/health/healthcode)) se règlemantasyon Depatman Sante NYC a ki aplike lwa lokal sa yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon ak pou li gid sa a nan lòt lang ak nouvo règlemantasyon Kòd Sanitè NYC a sou avètisman sou sik ajoute, ale sou [nyc.gov/health/addedsugar](https://nyc.gov/health/addedsugar). Pou poze kesyon sou avètisman sou sik ajoute yo, voye yon imèl pou [sugar@health.nyc.gov](mailto:sugar@health.nyc.gov) oswa rele **311**.